

[Home](#) > Jwenn fomil pandan mank fomil tibebe a

Enfòmasyon pou fanmi yo pandan manke lèt an poud la

Pa gen anyen ki enpòtan pou fanmi yo tankou sante ak sekirite tibebe yo, e mank lèt an poud la fè anpil moun santi yo enkyete paske yo pa konnen kijan yo pral ka ba pitit yo manje. Gen kèk timoun piti, adolesan, ak granmoun ki gen bezwen medikal tou, yo depann de lèt an poud pou nitrisyon yo. Mank lan ka afekte yo tou.

Nou konnen li pa fasil pou chanje rejim tibebe w la. Men, si ou pa ka jwenn lèt an poud nan estòk, men kèk ti konsèy ou ka swiv pou w jwenn lòt manje pou ranplase li san danje.

Jwenn lòt lèt pou ranplase yo ki san danje

Enfòmasyon yo bay yo reflekte opinyon doktè ak lòt ekspè nan Depatman Sante ak Sèvis Sosyal la, Akademi Ameriken pou Pedyatri (AAP) a, ak Sosyete Nò Ameriken pou Gastwoantewoloji, Epatoloji ak Nitrisyon Pedyat (NASPGHAN) la.



Eseye yon nouvo mak lèt an poud

Pifò tibebe ap santi yo byen lè yo bwè diferan mak lèt an poud, ki gen ladan mak magazen, depi yo se menm kalite, tankou lèt an poud abaz lèt bèf, lèt soya, ipoalèjenik (ke yo idwolize anpil), oswa elemantè (abaz asid amine). Sonje byen ke okòmansman, tibebe ou a ka sanble pa renmen gou a, oswa li ka difisil pou l tolere yon lèt an poud ki diferan. Si sa ta rive:

- Tanzantan, eseye entwodwi vyek ti kantite nouvo lèt an poud la lè w melanje li ak lèt an poud ou konn itilize regilyèman. Ogmante kantite nouvo lèt an poud la tou dousman avèk letan.
- Pran pasyans, paske li ka pran kèk tan pou tibebe ou a abitye ak li.
- Si tibebe w la ap vomi, li gen doulè gaz, l ap kriye oswa li pa ka kalme pandan l ap manje, l ap pèdi pwa, li gen dyare, li gen san oswa mikis nan pou pou li, oswa si l ap redi pou li pou pou, li ka pa tolere nouvo lèt an poud la. Rele pedyat ou oswa lòt founisè swen sante si ou gen kesyon.

Si ou bezwen èd pou ou konnen ki lèt an poud ou ka itilize pou w ranplase sa w te konn itilize a:

- Pedyat ou oswa lòt founisè swen sante se toujou pi bon resous la paske yo konnen tibebe w la ak istwa sante li.
- Ou kapab tcheke tou [lis lèt an poud konparab](https://naspghan.org/recent-news/naspghan-tools-for-hcps-affected-by-formula-recall/) (https://naspghan.org/recent-news/naspghan-tools-for-hcps-affected-by-formula-recall/) sa a yon òganizasyon gastwoantewològ pedyatrik ki rele NASPGHAN te devlope. Sonje byen ke lis sa a konsantre sou lèt an poud pou ranplase lèt ki te nan lis rapèl fevriye 2022 a, kidonk ou ta ka pa wè lèt an poud pou tibebe w la nan lis la a. Nenpòt sibstitisyon ta dwe fèt sèlman selon rekòmasyon ak sipèvizyon pedyat ou oswa lòt founisè swen sante.



Eseye lèt an poud ki fèt nan yon lòt peyi


Ou ka konsidere achte lèt an poud ki fèt andeyò peyi Etazini tou ke yo vann nan *magazen Ozetazini*. Magazen yo pral kòmansse pote opsyon sa yo trè byento. Administrasyon Pwodwi Alimantè ak Medikaman (FDA) te pèmèt [konpayi lèt an poud sa yo](https://www.fda.gov/food/infant-formula-guidance-documents-regulatory-information/enforcement-discretion-manufacturers-increase-infant-formula-supplies) (https://www.fda.gov/food/infant-formula-guidance-documents-regulatory-information/enforcement-discretion-manufacturers-increase-infant-formula-supplies) vann sèten pwodwi nan peyi Etazini, epi li ka pèmèt plis pwodwi lèt an poud pou tibebe ki satisfè kritè li yo pou egzèsè diskresyon ranfòsman. Lè w ap prepare lèt an poud ki fèt nan lòt peyi yo:

Li paj sa a nan:

- [English / Angle](https://www.hhs.gov/formula/index.html)
(https://www.hhs.gov/formula/index.html)
- [Spanish / Español](https://www.hhs.gov/formula/index.html) (es/formula/index.html)
- [Vietnamese / Tiếng Việt](https://www.hhs.gov/formula/index.html)
(vi/formula/index.html)
- [Navajo](https://www.hhs.gov/formula/index.html) (nv/formula/index.html)

- Byen li enstriksyon pou melanje yo ak anpil atansyon lè w ap prepare lèt an poud yo. Yo ka mande pou w itilize yon kantite poud oswa dlo ki diferan de lèt an poud ki te fèt nan peyi Etazini yo.
- Sèvi ak [tablo konvèsyon FDA a](https://www.fda.gov/media/158832/download) (<https://www.fda.gov/media/158832/download>) pou konvèti mililit an ons likid ak konvèsyon yo konn itilize souvan sot Sèlsiyis (°C) vin Fahrenheit (°F).


Konsomatè yo ta dwe rete vijilan lè ap achte lèt an poud ki fèt andeyò peyi Etazini ke yo *achte sou entènèt*, kote gen chans pou yo fo. Aprann plis sou fason pou w rekonèt lèt an poud pou tibebe ki fo yo: [Ki lèt an poud pou tibebe ki fo? Kouman mwen ka evite achte pwodwi sa yo?](https://www.fda.gov/food/people-risk-foodborne-illness/questions-answers-consumers-concerning-infant-formula#10) (<https://www.fda.gov/food/people-risk-foodborne-illness/questions-answers-consumers-concerning-infant-formula#10>).

 Pale ak pedyat ou oswa lòt founisè swen sante sou lòt lèt ou ka ranplase lèt an poud ipoyalèjenik oswa lèt espesyal yo.

Si ou bezwen lèt an poud ipoyalèjenik oswa espesyal yo pou rezon medikal, li ka pi difisil pou w jwenn yon lòt lèt pou ranplase yo. Pale ak pedyat ou oswa lòt founisè swen sante sou ki lòt lèt ki bon pou ranplase yo. Tou depan de ki lèt an poud yo bezwen, yo ka anmezi soumèt yon [demann ijan pou lèt an poud espesyalize](https://abbottnutrition.com/metabolics) (<https://abbottnutrition.com/metabolics>) nan Abbott Nutrition, ki ap pibliye kèk lèt espesyal ak lèt an poud ki pa gen anpil fè selon ka.

Bay tibebe w la manje san danje

Si ou pa ka jwenn ase lèt an poud, ka gen kèk opsyon ki ka ede nan yon sitiyasyon ijan pou yon ti tan. Ou ta dwe byen konnen pwoblèm sekirite grav yo tou ki gen rapò ak sèten lòt preparasyon altènativ pou bay tibebe w la manje. Toujou pale ak pedyat ou oswa lòt founisè swen sante anvan si ou pa gen ase lèt an poud pou bay tibebe w la manje.

 Pale ak pedyat ou oswa lòt founisè swen sante sou opsyon ou ka itilize pou yon ti tan.

Si ou pa ka jwenn okenn lèt an poud epi tibebe ou a gen plis pase 6 mwa, pale ak pedyat ou a oswa lòt founisè swen sante konsènan itilizasyon lèt bèf antye kòm yon opsyon pou yon ti tan.

Si ou pa ka jwenn okenn lèt an poud epi tibebe w la prèske gen ennan, pale ak pedyat ou a oswa lòt founisè swen sante sou itilizasyon lèt soya kòm yon solisyon pou yon ti tan. Evite lòt lèt ki baze sou plant, tankou lèt avwàn oswa lèt zanmann.

Si ou pa ka jwenn okenn lèt an poud epi tibebe w la prèske gen ennan, pale ak pedyat ou a oswa lòt founisè swen sante pou w mande si w ka itilize yon bwason pou timoun piti pou kèk jou.



Eksplòre Resous pou Lèt Tete oswa Bay Tete

Pale ak pedyat ou oswa lòt founisè swen sante sou itilizasyon lèt manman ki soti nan yon bank lèt manman.

- Si sa posib, konsidere yon **bank lèt lokal** (<https://www.hmbana.org/find-a-milk-bank/overview.html>) ki akredite pa mwayen Asosyasyon Bank Lèt Manman nan Amerik Dinò (HMBANA). Sonje byen ke pifò lèt ki soti nan bank lèt yo bay ti bebe ki entènè lopital, epi yo ka pa gen ase pou yo bay ti bebe yo ki an sante tout tan.
- Yo pa rekòmande pataje lèt tete moun ak zanmi oswa achte l sou entènèt. Lè ou jwenn lèt tete moun nan men zanmi oswa sou entènèt la, li difisil pou w konnen si donatè a te teste pou maladi enfektyez oswa risk kontaminasyon yo. Kapab genyen tou risk sekirite ki gen rapò ak fason yo te kolekte, trete, teste oswa estoke lèt la.

Pou fanmi ki sèvi ak ni lèt tete ni lèt an poud, konsidere bay tibebe w la plis lèt tete.

- Sa ka vle di ou bezwen ogmante rezèv lèt tete ou. Ou ka fè sa lè w bay tibebe w la tete pi souvan oswa lè w ajoute sesyon ponpe ant lè w bay tete a. Lèt ponpe ka konsève nan yon frijidè epi estoke nan frizè pou w ka itilize li pita.
- CDC bay **resous pou sipò bay tete** (<https://www.cdc.gov/breastfeeding/faq/index.htm#Find-Breastfeeding-Support>) pou manman k ap bay timoun tete.



Evite pratik lèt an poud ki pa an sekirite epi evite achte plis pase ou bezwen

Pa eseye fè lèt an poud lakay ou. Gen pwoblèm sante ak sekirite grav ak lèt an poud ki fèt lakay. Bezwen nitrisyonèl tibebe w la trè espesifik, sitou nan premye ane lavi li. Lèt an poud ki fèt lakay yo ka gen twò piti oswa twòp nan sèten vitamin ak mineral, tankou fè. Epitou, lèt an poud ki fèt lakay yo ogmante risk pou kontaminasyon, ki ka fè tibebe w la malad oswa lakòz enfeksyon.

Pa mete twòp dlo nan lèt an poud la. Lè w ajoute plis dlo, sa ka retire eleman nitritif yo epi fè tibebe w la pa jwenn yo epi lakòz pwoblèm sante grav, tankou kriz malkadi.

Pa sèvi ak lèt an poud ki depase dat "pi bon pou" oswa "itilize anvan". Lèt an poud la ka poze danje epi li ka pèdi kèk nan eleman nitritif li yo.

Pa achte plis lèt an poud pase sa ou gen bezwen. Mank lan ap afekte fanmi ki deja anba estrès antanke paran pandan yon pandemi. Ou ka santi w anvi achte plis lèt an poud nan mezi posib kounye a, men AAP sijere pa achte plis pase yon rezèv 10-14 jou pou ede amelyore mank lan.

Jwenn Èd nan WIC

Si ou bezwen èd pou achte lèt an poud, ou pa poukont ou. Apeprè 43 pousan nan tout tibebe Ozetazini yo resevwa èd nan men Pwogram Nitrisyon Siplemanè Espesyal pou Fanm, Tibebe ak Timoun yo (WIC). WIC bay fanmi w lèt an poud ak manje, epi li kapab konekte w ak pwofesyonèl ki resevwa fòmasyon ki bay tès depistaj sante, sipò pou bay tete, ak konsèy sou nitrisyon. Ou ka patisipe nan WIC tou pandan ou ansent. Kontakte klinik WIC lokal ou a pou w wè si ou menm oswa fanmi w kalifye.

Tcheke kalifikasyon ou (<https://www.signupwic.com/>)

Jwenn èd pou w jwenn lèt an poud

Òganizasyon yo nan kominote w la ak konpayi lèt an poud yo ka ede w jwenn lèt an poud oswa lèt pou ranplase yo san danje.

Resous Kominotè yo

- **Jwenn Ajans Aksyon Kominotè (CAA) ki pi pre w la** (<https://communityactionpartnership.com/find-a-cap/>): CAA lokal ou a ka ba ou lèt an poud oswa konekte ou ak ajans lokal ki gen lèt an poud.



• [Rele 211 \(https://www.211.org/about-us/your-local-211\)](https://www.211.org/about-us/your-local-211): 2-1-1 United Way la kapab konekte w ak yon espesyalis resous kominotè ki ka ede w jwenn bank alimantè lokal yo ak lòt sous pou w jwenn lèt an poud.

- [Jwenn yon bank lèt ki akredite \(https://www.hmbana.org/find-a-milk-bank/\)](https://www.hmbana.org/find-a-milk-bank/): Asosyasyon Bank Lèt Manman Amerik Dinò (HMBANA) bay fanmi ki nan bezwen lèt tete. Ou ka bezwen yon preskripsyon nan men pedyat ou oswa lòt founisè swen sante pou jwenn lèt tete nan HMBANA.



Nimewo telefòn konpayi lèt an poud yo

Konpayi lèt an poud yo ka ede w jwenn lèt an poud oswa lèt pou ranplase yo san danje. Paske anpil moun ap chèche lèt an poud, ou ka oblije rete tann pandan anpil tan. Ka pa gen pifò kalite lèt an poud yo ki rete nan estòk ankò.

- [MyGerber Baby Ekspert \(https://www.gerber.com/mygerber-baby-expert/\)](https://www.gerber.com/mygerber-baby-expert/): Kontakte yon konsiltan pou nitrisyon oswa laktasyon sètifye nan telefòn, tèks, Facebook Messenger, chat entènèt, oswa apèl videyo pou ede w jwenn yon lèt an poud menm jan an ki ka pi fasil disponib.
- [Liy demann pwodwi ijan Similac \(Abbott la\) \(https://abbottnutrition.com/metabolics/\)](https://abbottnutrition.com/metabolics/): Mande jinekòlòg ou a (OB/GYN) oswa pedyat tibebe ou a oswa lòt founisè swen sante pou soumèt yon demann pwodwi ijan pou lèt an poud metabolik oswa ki pa gen anpil fè lè w [telechaje epi ranpli fòmilè a. - PDF \(https://static.abbottnutrition.com/cms-prod/abbottnutrition-2016.com/img/22-PSN-C_Print-Metabolics_Urgent_Product_RequestForm_FA04c.pdf\)](https://static.abbottnutrition.com/cms-prod/abbottnutrition-2016.com/img/22-PSN-C_Print-Metabolics_Urgent_Product_RequestForm_FA04c.pdf)
- Liy sèvis kliyan Enfamil (Reckitt): Rele 1-800-222-9123 (BABY-123) pou w jwenn èd pou jwenn lèt an poud.



[Tcheke zouti rezo sosyal ki gen plizyè lang nan resous lèt an poud pou tibebe nou an \(formula/social-media-toolkit/index.html\).](https://formula.social-media-toolkit/index.html)

Jwenn enfòmasyon sou kijan mank lan te kòmanse

Pwoblèm chèn apwovizyonman ki rive akòz pandemi an kontribye nan mank lèt an poud ki genyen kounye a la. Li te vin pi mal lè Abbott Nutrition, youn nan pi gwo pwodikè lèt an poud nan peyi a, te raple lèt an poud volontèman epi fèmen youn nan enstalasyon pwodiksyon li yo nan Sturgis, Michigan. Prezidan an, ajans yo toupatou nan gouvènman ameriken an, detayan, ak endistri lèt an poud la ap travay lajounen kou lannwit pou adrese mank sa a epi remete lèt an poud sou etajè yo. Jiskaprezan, pwodiksyon an te monte 30-50%.

Jwenn enfòmasyon sou mezi Gouvènman Ameriken an ap pran yo

- Prezidan an envoke Lwa sou Pwodiksyon Defans lan. Lwa sa a mete manifakti lèt an poud ameriken yo an premye, nan liy pou resevwa resous yo gen bezwen pou ogmante pwodiksyon lèt an poud yo. Prezidan an ap travay tou ak lòt peyi pou transpò ayeryen lèt an poud nan peyi Etazini pa mwayen Operation Fly Formula.
- FDA a ak Depatman Jistis Etazini an te negosye yon dekrè konsantman ak Abbott Nutrition, kote selon dekrè sa a Abbott Nutrition te dakò pou li pran deseri mezi korektiv presi pou yo ka kòmanse pwodwi lèt an poud ankò nan etablisman Michigan yo a. Abbott Nutrition te deklare ke li pral konsantre sou pwodiksyon lèt an poud espesyal yo pou moun ki gen metabolik ak lòt bezwen yo an premye. FDA te fè rankont regilyèman tou ak lòt gwo manifakti lèt an poud ki ap travay pou pwodwi plis lèt an poud pou satisfè demann lan. [Li plis sou aksyon FDA yo \(https://www.fda.gov/news-events/public-health-focus/infant-formula-information-and-ongoing-fda-efforts-increase-supply\).](https://www.fda.gov/news-events/public-health-focus/infant-formula-information-and-ongoing-fda-efforts-increase-supply)
- Depatman Agrikilti Ameriken an ap travay ak leta, nasyon tribi yo, ak teritwa yo toupatou nan peyi a pou asire ke fanmi yo ki patisipe nan WIC ka itilize avantaj yo pou achte lòt kalite lèt an poud.

[Li \(https://www.whitehouse.gov/briefing-room/statements-releases/2022/05/12/fact-sheet-president-biden-announces-additional-steps-to-address-infant-formula-shortage/\)](https://www.whitehouse.gov/briefing-room/statements-releases/2022/05/12/fact-sheet-president-biden-announces-additional-steps-to-address-infant-formula-shortage/) plis sou plis mezi Prezidan Biden ap pran pou adrese mank lèt an poud la. [\(https://www.whitehouse.gov/briefing-room/statements-releases/2022/05/12/fact-sheet-president-biden-announces-additional-steps-to-address-infant-formula-shortage/\)](https://www.whitehouse.gov/briefing-room/statements-releases/2022/05/12/fact-sheet-president-biden-announces-additional-steps-to-address-infant-formula-shortage/)

HHS Headquarters

U.S. Department of Health & Human Services

200 Independence Avenue, S.W.

Washington, D.C. 20201

Toll Free Call Center: 1-877-696-6775